


République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

CP

Téere nàmm déggìn

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce cahier de récits y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant:

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0/igo/>

Bunti téere bi

Doomu wëllu wi	2
Ngénte li	4
Béy ak Bukki	6
Cokkeer, Naat ak Ginaar	8
Taajabóon	10
Daara ja	12
Simb	14
Tabaski gi	16
Fasu naarugóor	18
Bekkoor	20
Dënnu	22
Jàngoroy sibiru	24
Jasig ak Gone	26
Yab séet	28
Bukki ak Mbaam	30
Mbayan ak Bukki	32
Teggin, Àjjana ak Safara	34
Nan lañuy togge ceebu jën?	36
Picc yi ak Bukki	38
Ñjariñal bind suñu làkk yi	40
Ubbite Monjaal 2002	42
Wure	44
Ndar, dëkkub aada ak cosaan	46
Woyi cosaan	48
Digal njulli	50

Doomu wëllu wi

Léeboon !
Lipoon !
Amoon na fi
Daan na am !

Amoon na fi jigeen ju bon ju nekkoon ak ñeenti doomam. Ñu nga dëkkoon ca biir àll ba. Baayu xale yi, mu ngi génñ àdduna bi caat mi juddoo. Yaay ji jàpp ni xale bi dafa aay-gaaf. Mu daldi ko bañ. Bu masaan rëbbi ba ñów, dafay woo xale yi, ñu nàmp ba mu des caat mi.

Mu di ko def ay yooni yoon, waaye masul xam ne Yàlla daan na feeñu caat mi ci melokaanu wëllu wu bare meew.

Am bés, musiba dal ci jigeen ju bon ji. Mu jóge ca àll ba, di woy woy wa mu daan woowe xale yi ngir nàmpal leen. Kenn wuyuwu ko ; mu jaaxle lool. Yàggul dara, mu dégg baat bu mu miin, di woy, naan ko : « Xale yi, Golo sàcc na leen ñoom ñépp ! » Ba mu déggee kàddu googu, jigeen ji dafa yuuxu, jooy ba sonn. Ñeenti xale yi, ñoom, nekk ak seen nijaay Golo di fo, di ree. Golo, moom, dafa saf xorom.

Foofa la léeb doxe tàbbi géej. Bakkan bu ko jëkk a foon tàbbi àjjana.

Leeral ay baat

Aay-gaaf : Nit ku ñu foog ne dafa ànd ak lu bon

Rëbbi : wuti ndawal ca àll ba.

Wëllu : Nag wu ndaw wu jigeen

Leeral xët mi

Jigeen ju bon ji ñaata doom la amoon ?

Lu tax ñu ne caat mi dafa aay-gaaf ?

Ci ban melokaan la Yàlla daan feeñoo caat mi ?

Fan la xale yi ak seen yaay dëkkoon ?

Lu tax yaay ji du nàmpal caatam ?

Kan moo sàcc xale yi ?

Naka la jigeen ju bon ja def ba mu gisul doomam ya ?



Ngénte li

Yaay Mari am na doom ju jigeen. Bés bi mu amee doom nag, dellusi na. Tey lañuy ngénte xale bi.

Ci suba teel la Yaay Mari yeewu, dem defari boppam, tusngalu ba mel ni séet. Mu ngi la solal benn yére jeesneer bu rafet a rafet. Bi mu paree, mu génñ, toog di xaar ay ganam.

Bi waxtu wi jotee, mbokk yi ak xarit yi, ñépp dajaloo ci ëtt bi, sol seeni yére yu yànj. Bàjjen bi taawu liir bi indi ndaxte, ci sunu aada, moom moo war a tëye doom ji bu ñu koy tudd.

Baayu liir bi, Habiib, déey turu xale bi imaam bi. Imaam sëgg ci noppu liir bi, siggi, siiwal tur wi, ñaan. Nit ñi toogoon, ku nekk, jël xale bi, ñaanal ko. Bi loolu weesoo, lañu séddale laax bi, teg ci beñe bi ak tàngal ji. Ci biir kër gi, nit ñaa ngi dem ak a ñëw, boole ci di sargal waajuri liir bi ; ñenn ñi di laajte nan la liir bi tudd.

Bés boobu yépp, gan ñi dañoo yendoo lekk ak naan waaye bi ñu séddalee ceebu yàpp bi, li ci yéeme mooy dafa mel ni nit ñi mësüñoolekk.

Bi tàkkusaan jotee, jigeen ñi demaat defaru, solaat yeneen yéere yu rafet ngir ngoon gi. Noonu nag, ñu def seen géew ak géwel yiy tëgg sabar ; ñu door jokkalante ndawtal yi.

Leeral ay baat

Yànj : rafet

Aada : cosaan

Ndawtal : li ñuy jox waajur yi ngir ndokkeel leen ci ngénte li

Leeral xët mi

Ñaata fan lañuy xaar bala ñoo ngénte ab liir ?

Nan la yaayu xale bi ñuy ngénte tudd ?

Kan mooy téye xale bi bu ñu koy tudd ?

Turu liir bi, ndax mën nañu koo xam bala ñu koy ngénte ?

Nan la liir bi sant ?

Lan lañu séddale gan ñi bi ñu tuddee ba noppi ?

Lan moo xew bi tàkkusaan jotee ?



Béy ak Bukki

Léeboon

Lippoon

Benn bés, Béy moo doon doxantu ba xelam nekk ci dem aji Màkka. Mu daje ak Bukki.

Bukki ne ko : “Waaw, foo jëm ?” Mu ne ko : “Ren daal, dama fas-yéene aji.” Bukki ne ko : “Yegsi nga, dox ba daje ak man, nga naan dangay aji! Xam nga foo jëm ?” Béy ne ko waaw. Bukki ne ko ci sama gémmin gi, ci sama biir bi. Léegi Béy ne ko : “Kon baax na, amuma doole te yow yaay boroom kàttan”. Béy nangu, ànd ak Bukki. Léegi Bukkee ngi seet fu lëndëm foo xam ne, bu ñu fa duggee, mu lekke ko fa.

Ñu dem ba dugg ci benn suufu dédd bu lëndëm. Ba mu duggee ci biir nag, fekk fa Gaynde tēdd ak ñeenti doomam, doom yépp feebar. Léegi Gaynde ne Bukki dama bëgg nga fajal ma sama doom yi. Bukki ne ko : « Man mënumaa faj wànte Béy mii, moom, sërñ la ndaxte ne na dafay aji Màkka ; kon xam na dara ci alxuraan. Tee nga koo wax mu fajal la say doom ».

Gaynde ne waaw, kon boog Béy léegi nag mën nga maa fajal samay doom ? Mu ne ko waaw. Gaynde ne ko noo leen di faje ? Béy ne ko soo amee deru Bukki bu tooy, ma faj ñeent ñépp. Rekk Gaynde yëkkati paaka bi jox Bukki ne ko daggal ma sa yeel. Bukki xoos benn yeel bi jox Béy. Béy jël ko, fekk mu yor benn gambu lem, mu capp ko ci, jox benn doomu Gaynde. Kooka lekk rekk tàmbali cëpp-cëppi, wér. Mu des ñett.

Leeral ay baat

Jëfandikoo : jeriñoo

Kàttan : doole

Dédd : bërëb boo xam ne ay garab yu am ay dég yu bare ñoo fa nekk.

Gamb : Koog bu mag bu ñu xarul te di ci denc lem walla meew

Leeral xët mi

Fan la Béy bëgg a dem ?

Ba muy dem, kan la dajeel ?

Fan la ko Bukki yóbbu ?

Ñan lañu fekk ci dédd bu lëndëm bi ?



Lan moo jot doomi Gaynde yi ?

Lan la Gaynde laaj Bukki ?

Lan la Bukki tontu Gaynde ?

Béy naka la faje doomu Gaynde ?

Àggaleleen léeb wi.



Cokkeer, Naat ak Ginaar

- Léeboon !
- Lippoon !

Cokkeer la woon, Naat ak Ginaar, ñu dëkk ca àll ba. Nawet jot, taw ba bari, ñax ma sëq. Nawet bi baax lool. Rab yooyu dugg ci àll bi, di for, di foral seeni doom ; ba cooroon jot, ñu nen. Genn guddi, Naat gént gis ak daay guy tàkk ci àll bi. Bët set, mu nettali gént gi Cokkeer. Cokkeer ne ko : « Loolu am nañu gällaajam ; saa su àll bi di lakk, am na ñaan goo xam ne su ñu koy wax, di dóor suñuy laaf ci ñax mi, dafay fay. » Naat ne : « Waay, googu ñaan gan la ? » Cokkeer ne : « Pitim daay bul lakk samay nen ! ». Ganaar woo ay doomam, Cokkeer def noonu, Naat itam. Ñu jàngal leen ñaan gi. Ñoom ñépp ñu jàng ko ba mu mokk.

Ñu toog ba teg ci weer ak lu teg, Maamur di sàmm ca àll ba, génne gënnam, sol ci póon. Mu ne koset almetam, teg ci gënn gi, ne ñudeet rekk, sànni bantu almet ba, mu dal ca mboob ma, mu tàkk, tàkk ba àgg ca tund wa. Naat, Cokkeer, Ginaar gis daay gay tàkk. Ñu gëdd seeni doom, ànd ak ñoom ñépp naan : « Pitim daay bul lakk samay nen ! ». Sàmm ba séen leen, dégg ñuy ñaan. Sàmm ba wuti dëkk ba : « Woy yéegam yoo, pitim daay bul lakk samay nen ! » Waa dëkk ba it àndandoo di wax : « Sàmm ya, genn-wàll ga dañoo dee, ñenn ñi di xëm. Ñi ci am doole daw nañu fukki kilomet. Kenn ku ci nekk mar naan, bëgg ndox moo naan ; mēnuñu koo am. Woowu tund nag noonii la tase ». Foofu la léeb jaare tàbbi géej.

Leeral ay baat

Cooroon : jamono jiy ñów balaa nawet.

Daay : àll buy tàkk

Mboob : ñax mu wow

Leeral xët mi

Ñan ñoo dëkk ci àll bi ?

Ci ban jamono la woon ?

Nan la sàmm bi tuddu ?

Kan moo gént gis ag daay guy tàkk ci àll bi ?


Kan la nettali gént gi ?

Gan ñaan la ko Cokkeer wax ?

Lan la Maamur def ca àll ba ?

Naka la Naat, Cokkeer, Ginaar def ba ñu gisee daay gay tàkk ?

Naka la waa dëkk ba mujje ?



Taajabóon

Tey bésu tamxarit la ; mu doon fukkeelu fan ci at mu beesu jullit yi. Bés boobee nag, ci la Abdu Jàmbaar di tànn ñi war a dund ba déwen. Xale boo gis, mu ngi defar tama walla sabar ak ay poti tamaate.

Fii ci Senegaal, dañoo cosaanoo reere cere. Kër goo dem, jigeen ñii, ñu ngi togg cere baase, ñee di togg cere siim. Bu waxtu reer jotee, xale yi dañoo war a lekk ba suur ndax su ñu nelawee, malaaka bi daf leen di peese; su ñu diisul, mu yóbbu leen ; duñu fekke déwen. Looloo tax xale bu nekk dafay lekk ba suur.

Bu ñu reeree ba noppi, góor ñi sol yére jigeen ; jigeen ñi sol yére góor. Ñii tusngalu, ñee puudaru, yor seeni tama ak seeni sabar ak seeni siwo, fas yéenee taajabóoni. Ku nekk dafay ànd ak ay xaritam, di dugg këroo kër, di tëgg ak di woy :

- Taajabóon !

- Alley !

- Abdu Jàmbaar, ñaari malaaka la.

Ci kow lay jóge, daanu ci sa ruum.

Mu ni la ndax julli ngaam, ndax woor ngaam

Nga ne ko waawaaw !

Bu ñu feccee ba pare, ñu daldi leen sarax ceeb, walla suukar, walla xalis.

Ca suba sa, xale yi dañuy togg njogonal, di xaaraat taajabóonu déwen.

Leeral ay baat

Cosaanoo : aada ji fi maam bàyyi

Déwen : at mi topp ci at mi ñu nekk.

Tusngalu : ñuulal li wër say gët

Leeral xët mi

Ban bés lanuy tamxarit ci at mi ?

Lan lañuy reere bésu tamxarit ?

Ñan ñooy togg reer yi ?

Lan la xale yi war a def su ñu béggee fekke déwen ?

Lan la xale yi di def bu ñu reeree ba noppi ?

Naka lañu koy waajalee ?

Yow, booy taajabóon, looy wax ?



Daara ja

Xale bu tuuti laa woon, ba ñu ma yónnee ca daara ja. Maam-booy daf ma reewaloon. Dem daara jot. Ñu teg ma ci mbaam, ma boq sama ëmb. Noona daal, ma agsi ci daara ji, fekk fi taalibe yu bare di kër-këri. Naka laa leen gis, ree jàpp ma.

Ñu indi ma nag ci yaay-daara ji. Ginnaaw ba ñu nuyoo ba noppi, mu tàllal ma àlluwa ak sama bind bu jëkk xaat. Dama foogoon ne bind boobu mooy doon sama njàng mépp. Ma daldi gaaw, jàng ko, tari ko ci kanamu soxna si, ba noppi ne :

- Soxna si, xanaa mën naa ñibbi leegi ?
- Muñal doom sama. Fii war nga fee toog ak nun ay fan. Te sax, bés bu jotee, man ci sama bopp, maa lay gunge ba nga yegg.

Noona, ma daldi toog. Julli nañu tisbaar te añ bi ñówul. Jaaxle dikkal ma lool, xiif bi di ma bëgg a ray. May xalaat ak a fàttaliku caakiri bu neex ba ma daan naan bu yoor-yoor jootaan. Ma ne bëret, dem, di doxantu ca gannaaw kër ga. Foofa, ma fekk fa ay jigeen ñuy bojj dugub, ma ñaan leen tuuti pepp, ñu may ma, ma ëmb ko ci sama lafu ngemb. Ma di ca màtt bu baax ak bëñi ku xiif. Sunu kër, kenn mësü maa ñemee may woggu cere, tey may yëy pepp !

Ca tàkkusaan ja, ñu indi añ ba. Ba ma laata dugal sama loxo, xale ya ne kirib, giiroo, xef ak xippi, ndab la set wecc. Woowa yoon soxna si woo ma, ma bokk ak moom añaam.

Fan ya ca topp, ma daldi xam li xew, def ni ñépp. Ba at may laata dee, jot naa ña gënoon a mën a jàng ba am sax ñu ma ca raw.

Leeral ay baat

Tari : Taalibe bu mokkal bindam, ñëw ci kanam sëriñ bi, jàng ko te du ko xool.

Yoor-yoor : Diggante ndékki ak añ lay naan caakiri, booru fukki waxtu

woggu cere : Cere ji ñu tay ba toj ko lañu ko may aw xàppati

Leeral xët mi

Fan lañu yabal xale bi ?

Ñan ñoo nekk ca daara ja ?

Lu tax ba mu àggee ree jàpp ko ?

Lan la xale bi foogoon ?

Lu tax xale bi xiif ?

Lan la tàmmoon seen kër ?

Ndax sëriñ bi ku baax la ?

Ndax daara neex na ? Lu tax ?



Simb

Dibeer ci ngoon, mbootaayu xale yi ci gox bi ñooy simb ci njeexitalu nawet bi. Bi tàkkusaan jotee, ñu dalal gan yi ak tëggkati sabar yi. Bi sabar yi jollee rekk, ñu daldi gis góor ñi, jigeen ñi ak xale yi, ñu solu ba jekk, jóge fu nekk ngir fekke po mi. Ci waxtu woowu, simbkat bi ak ñi muy àndal, ñu ngi leen nëbb ci mbaar mu ñu defare ak ay sër.

Bi simb si tàmbaalee rekk, gaynde gi daldi sab. Boo ko gisee, mu ngi rëdd kanam gi ak ay rëdd yu xonq, rax ci yu ñuul ak ay mustaas ; kanam gaa ngi raglu ba ku ko gis rekk dangay daw. Ay jabaram nag, ñu ngi ko wër ; ay góor lañu kat yu sol yéere jigeen, di reetaanloo nit ñi ak seeni taybaas ak sér.

Bépp seetaankat war naa jënd fas ; bu bañee, gaynde gi jàpp ko, feccloo ko ; bu mënul a fecc, gaynde gi daf koy toroxal : di ko sotti ndox, di ko bërën ci suuf. Léeg- léeg yaramu gaynde gi dafay tàng ba fukk ñu jat ko ngir mu am jàmm.

Su ko defee, gaynde gi fecc, jekki-jekki daw, song nit ñi ngir wut ku mu jàpp ; ñu tasaaroo, daw.

Bu timis jotee, po mi daldi jeex ; ñu gunge gaynde gi ak ay woy yu neex.

Leeral ay baat

Mbootaay : nit ñu booloo bokk li ñuy def

Gox : koñ bi

Dibeer : dimaas

Leeral xët mi

Wan waxtu lañuy tëgg simb si ?

Kañ lay door ? Kañ lay tas ?

Nan la kanamu simbkat bi mel ?

Ku bañ gaynde gi jàpp la, looy def ?

Ku gaynde gi jàpp looy def ?

Lan mooy tax gaynde gi am jàmm bu yaramam tàngee ?

Naka lañuy jatee gaynde ? Waxal.



Tabaski gi

Am na ay fan bi Baay Musaa jëndee xarum tabaskeem ba noppi. Am kuuy mu mag la, béjjen yi taxaw.

Tey la bésu tabaski nag, bés bi ñépp doon xaar. Ci suba teel la waakër gi yépp yeewu. Góor ñi, mag ak ndaw, ñu ngi defaru, di jekk-jekkalaat seeni sabadoor, di waajal julli gi. Jigeen ñi, ñoom, ñu ngi nekk ak Yaay Astu. Mu ngi leen di wax ku nekk li nga war a def. Ba ci Marem sax, caat mi, ñépp a bëgg a jàpp ci liggeeyu bés bi. Noonu, ñii ñu ngi xolli soble, ñee di dëbb nokkos ak saf-safal, ñeneen ña di waajal li ñu war a lakke yàpp. Ëttu kër gi yépp a ngi mel ni aw waañ wu mag a mag.

Bi ñu jullee ba noppi, góor ñi ñibbisi nañu. Ñu defar xar mi, fees ko, daggate yàpp wi, saam ko, mel ni kuy ton-ton. Leegi nag, lépp pare na waaye kenn gisul Marem. Ndekete mu ngi làqu ci ruqam ak meram : xar mi xaritam la woon. Yaayam seet ba gis ko, mu daldi koy nax, won ko yére yu rafet yi mu ko jëndal ngir mu dem ñaani ndéwenal.

Bi ñu lakkee yàpp ba sottal nag, xéewlu ba suur këll. Xale yu góor yi toog di attaaya ; xale yu jigeen yi ànd ak Yaay Astu dellu ci seeni liggeey. Ñenn ñi di togg, di defar añ yi ; ñeneen ñi di defar saami yàpp yi ñuy séddale dëkkandoo yi, rawatina mbokki kercen yi.

Leeral ay baat

Kuuy : xar mu góor mu ñu tàppul

Ton-ton : saam yàpp , di ko séddoo

Sottal : pare, noppi

Leeral xët mi

Bésu tabaski, lan lañuy def ci kër gi ci suba si ?

Ñan ñooy dem julliji ?

Lan lañuy def ci ngoon gi ?

Lu tax Marem dem làqu ci ruqam ?

Loo yaakaar ne moom la doon def ak xar mi ?

Ndax waakër gi dinañu am jot bésu tabaski ? Lu tax ?

Wax ñu li neex ci sa tabaski daaw.



Fasu naarugóor

Fas, Gëleem ak Bukki la woon.

Gëleem dafa nekkoon ci àll bu sedd lool. Buy fori dafay topp garab yi, lekk ndànk, di dox ndànk. Wànte am benn bés, Bukki séen ko, ne ko :

- Sama waay, noo tudd ?
- Man, Gëleem Saar laa tudd.
- Yow de, xam naa ni nga rëye, ni nga njoole, xam naa ne mën ngaa xeex.
- Sii ! xeex moom dara laa ci mënul.
- Tey moom dinga xeex, bettu ma la de!

Fi Gëleem di bëgg a siggee rekk, Bukki dugg ci tànk yi, jaxase ko, rey ko, lekk ko. Ba boroom Gëleem gi ñëwee, gis lekkin wi, mu ne : « Hã ! Iii Bukkee ko war a def. Waaye taxawal. » Mu dem ca kër ga, jëli fasu naarugóoram, yeew ko fa Gëleem Saar yeewe woon. Bukki jaaraat fa, séen Fas taxaw, mu ne : « See ! am naa weneen waay. Kii de moo gën a gàtt. » Bukki ne ko :

- Sama waay, noo tudd ?
- Man, Naarugóor.
- Waaw, yow ndax mën ngaa xeex ?
- Xeex, daanaka dara laa ci mënul ».
- Aa ! déet, dangay mën dara kay.
- Man daal, daanaka sumay xeex, damay wane ginnaaw».

Bukki gën a kontaan, ne ko :

- Xeex di wane ginnaaw !
- Man noonu laa mène.
- Hii ! loolu mënума koo gëm. »
- Aa ! Leegi kay mën naa laa wan ginnaaw ».

Bukki ne ko waaw. Mu ngi bëgg Naarugóor wan ko ginnaaw ba mu jekku pooj bi. Naarugóor wan Bukki ginnaaw ba mën koo dóor aw wéx. Ba Bukki jegesee ba nekk fa nga xam ne fa la ko Naarugóor soxlaa, Naarugóor soxe fa ñaari tànk yi. Ba mu ko tàwwée ba dóor ko ñaari wéx ca kaanjal bopp ba, Bukki dafa sedd guyy. Fa la léeb doxe tàbbi géej. Bakkan bu ko jëkk a foon tàbbi Àjjana.

Leeral xët mi

Fasu naarugóor : fas wu góor wu am jëmm, taaru

Wéq : dóor ak tànk



Kaanj : yaxu bopp biy sax kawar

Leeral xët mi

Ñan ñoo nekkoon ca àll ba ?

Naka la àll bi meloon ?

Naka la Gëleem doon doxe ak a lekke ?
Kan moo séen Gëleem ?
Yan laaj la Bukki laaj Gëleem ?
Nan la Bukki mujje ak Gëleem ?
Boroom Gëleem kan la yeew fa Gëleem yeewe woon ?
Naka la Fasu naarugóor wi mujje ak Bukki ?



Bekkoor

Ci jamonoy xiif ju metti la woon. Rëbb mi jafe, Gaynde sax bu rëbbee tuuti lay am. Bukki mënul a jàpp dara ; xiif jàpp ko. Bukki seet, seet, xamul lu muy def ; mu ne dem ci peggu Gaynde moo fi sës. Mu daldi ñëw ba ci buntu kër Gaynde, mu tàmbalee jooy, ba Gaynde dégg ko, gén, fekk ko fa : « Bukki, lan la ? » Mu ne ko : « Jaaxle naa, àll bi mënatura fee am dara ; ma bëggoon rekk boo desalee dara, nga may ma. » Gaynde ne ko : « Agsil, toogal fii, boo xëyee toppatool kër gi. Su ma rëbbijee, ñu bakk ko. » Bukki ne : « Lii moom xéewal la. »

Bukki toog ci kër gi. Bu tàkkusaan jotee, mu taxaw di séentu. Fu mu séenee Gaynde, gatandu ko, yenu li mu jàpp. Bukkeey fees, togg, ñu lekk. Benn bés, Mbëfër jaar fa, nuyoo. Bukki gén, Mbëfër ne : « Kii du Bukki ? Yow de àll bi yaa ci gën a rëy. Foo ne woon ba rëye nii ? » Bukki ne ko : « Demuma fenn. » Mu ne ko : « Na la wóor ne fii mu ne, ci àll bi, koo fi dóor, mu dee. » Bukki toog, di xalaat ci wax ji, ba Gaynde fekk ko fa. Waxtu wi ñu daan teeru jot, Gaynde gisul kenn. Bukki tëdd ba Gaynde agsi, daldi nuyoo : « Aa ! Bukki, tey gisuma la ? » Mu ne ko : « Tey dama sonn. » Ca ëllëg sa, ba gatandu jotee, Bukki génnul. Gaynde dikk, nuyoo, kenn wuyuwu ko. Ba mu neex ko, Bukki gén ne ko : « Waaw, gatandu bés bu set mënuma cee dëkk ; yow sax nañu bëre. » Gaynde ne ko : « Bukki, dangay sonnal nit rekk, waaye bisimilaay. » Ñu daldi sëgg, léewtoo, Gaynde tàyyi ci mbir mi. Bukki daldi koy dugg, daan ko.

Ca ëllëg sa, Gaynde rëbbiwaat, ñibbisi. Bukki ne ko : « Tey nag, bala ñoo lekk, dañuy bëre, te bëre dóor laa la wax ». Gaynde ne ko baax na. Ñu tàmbale, Gaynde bàyyindiku, Bukki dóor Gaynde, mu daanu ci suuf. Bukki ne ko : « Leegi dañuy xeex ». Gaynde ne ko bisimilaay. Bukki sànni loxo. Gaynde ne nikk ci loxol Bukki, bës ba mu dëgër, ba yax yi naan kakak. Bukki ne : « Yaa ngi may rey ». Mu ne ko : « Yaa ne bërewoo, dangay xeex ? » Gaynde ëf nopp bi, Bukki xëm. Ba mu ximmalikoo, Gaynde ne ko : « Bukki, danga doon yaflusi, yaflu nga ba yaakaar sa bopp. Kon léegi daal nañu tàggoo fii ». Foofu la léeb doxe tàbbi géej ; bakkan bu ko jëkk a foon, tàbbi àjjana.

Leeral ay baat

Bekkoor : jamono joo xam ne lu ñu lekk amul

Ci peggu : ci wetu

Xéewal : lu neex te bett la



Leeralxët mi

Ci jan jamono lañu nekkoon ?

Lu waral Bukki dem kër Gaynde ?

Lan la ko Gaynde wax ?

Kan moo fekk Bukki ci kër ga ? Lan la ko wax ?
Bu Gaynde ñówee, lan la Bukki war a def ?
Lan moo tax Bukki bëgg a bëre ak Gaynde ?
Nan la Bukki ak Gaynde mujje ?
Lan mooy sa xalaat ci taxawaayu Bukki bii ?



Dënnu

Lii di xibaar bu jóge ci ñi yor kaaraange askan wi. Ñu ñëw di la bàyyiloo xel ci li nga xam ne moo war a nekk sa taxawaay bu fekke ne dafay dënnu.

Bu fekke ne dafa fekk nga nekk ci néeg, nanga des ca biir, bul génn, lu dul mu nekk lu mënul a ñàkk. Nanga tëj bunt ya, tëj palanteer ya. Nanga sori lépp loo xam ne kuuraŋ la ak weñ. Loo laalaloon kuuraŋ, nga dindi ko, moo xam frigo la walla tele. Bul sangu ci taw boobu.

Bu fekke ne nag yaa ngi ci biti :

Nanga jéem a wut foo làqu muy tabax walla fu tëju.

Nga toog ci suuf, jël sa bopp dugal ci sa ñaari tànk, ci sa diggante ñaari óom, jël nag say loxo teg leen ci say nopp.

Bul yéeg wuti njobbaxtanu garab gu mag walla tund wu kowe.

Nanga sori tamit bépp bërëb bu tëjuwul bu ñu liggeey ak weñ.

Bu fekke danga ànd ak ñeneen, na ku ne sori moroom ma lu mu gàtt-gàtt lu tolloo ak ñetti meetar ndax kuuraŋ dañu koy joxante ci diggante ay nit.

Bul jël parasol di ci seelu, bul sangu ci pisin te bul dem géej.

Bul daw, bul waaxu yit, doxal ndànk.

Leeral ay baat

Dënnu : Dafay ànd ak yëngu yu xumb ak melax yu leer nàññ

Kaaraange : lépp luy aar.

Njobbaxtan : catu garab

Leeral xët mi

Fu xibaar bi jóge ?

Ci lan la xibaar bi di wax ?

Yan bërëb nga war a moytu buy dënnu ?

Boo nekkee ci biir néeg, lan nga war a def buy dënnu ?

Ndax war ngaa jege kuuraŋ walla weñ buy dënnu ? Lu tax ?

Boo nekkee ci biti, lan nga war a def buy dënnu ?

Lan nga warul def ?



Jàngoroy sibiru

Jàngoroy sibiru bi, yoo wu jigeen wu ñuy wooye anofel moo koy joxe. Sibiru bi nag su la jàppee, dangay ànd ak yaram wu tàng, di gaaw a sonn, di waccu. Su ñu ko fajul ci teel, mën naa faat. Ci bërëb yi nga xam ne ndox mi dafay faral di taa lu ëpp benn ayubés walla lu ko weesu, danga fay gis ay doomi yoo yu ñuul yuy walax-walaxi. Doom yooyu ñooy màgg, di mätte, di joxe sibiru bi. Ndaa yu amul kubeer ak pot yu ñu sànni te ndoxum taw nekk ci ñooy dëkkuwaayu yoo yi.

Ni nu war a def ngir xeex ak sibiru bi mooy :

- suul bépp pot walla ndab lu yàqu ;
- sëkk taataa yi, faral di téj ndaa yi suñu ci pare ak di bey ñax mi wër kër yi su nu nekke ci nawet.

Nit ku ne dafa war a fanaan ci sàнке bu ñu nàndal bés bu nekk, guddi gu nekk, ci at mépp. Wànte ku yég ne yaramam mu ngi tàng, di neg-negi, na dem kër doktoor bu ko gën a jege ñu seet ko.

Leeral ay baat

Anofel : yoo wu jigeen wuy joxe sibiru

Fagaru : jël say matukaay

Neg-negi : yaram wuy daw

Leeral xët mi

Ndax yoo yépp ñooy joxe sibiru ? Ban xeetu yoo rekk moo koy joxe ?

Fan mooy dëkkuwaayu yoo yi ?

Ku am Jàngoroy sibiru lan la war a def ?




Naka lanuy xàmme ne nit ki dafa am sibiru ?

Su nu ko teelul a ràññee, lu muy jur ?

Ku bañ a am sibiru lu muy jëkk a def ?

Ci lan la nit ki war a fanaan ngir bañ a am sibiru ?

Naka lañuy moytoo sibbiru seen kër ?



Jasig ak Gone

Jasig la woon ; dafa nekkoon ci ndox mi, di fo, mu ne : « Man daal namm naa jéeri ji. Ndox mi ak jéeri ji samay baaxi maam lañu. Jasig daldi gén ci ndox mi, di wëndeelu ci suufu garab yi, di tëdd ci kow ñax mi, jaar ci suuf si, di ci fo, ba réer ; xamatul fu dex gi féete. Am benn xale boo xam ne dañu koo yónni woon mu taxani matt. Fa mu demee bay yëkkati say wi, far gis geenu jasig ji ci tànk yi, mu tiit. Xale bi topp geen gi, gis boppu Jasig. Jasig gaa ngi sonn, ba mënatul ubbi gémmin gi, ndax mar ak xiif.

Xale bi ne ko : « Waay Jasig, looy def fii ? » Mu ne ko dama gén di doxantu ndekete yoo réer naa. Xale bi ne ko : « Mën naa laa yóbbu ». Ba ñu àggee, Jasig ne ko : «Aa ! kenn masu maa defal lu rafetee nii. Waaye man dama xiif. » Mu ne sigget, sex baaraamu xale bi, màtt bu dëgër ba gëñ yi nar a daje. Xale bi ne : « Ya ! ay Jasig, li ma la defal ! Bàyyi sama liggeey ci àll ba, dikk, indi la fii ngir yërëm la, nga di ma faye lii ! Jasig ne ko : « Xaw ma ci dara ; man daal li ma xam moo di dama xiif, te yow yaa fi sës. » Xale bi komaase yuuxu. Jasig ne ko : « Yuuxu ! Léegi man dinaa la may ñetti seede ngir dimbali la. Bu ñetti seede yi àndee ak man dinaa la rey ; bu ñu àndee ak yow, dinaa la bàyyi nga ñibbi ».

Fi ñuy waxe rekk, Fas jaar fa, ñexal, ne ku ñàkk wormaa ngi noonu ; Jasig, gis nga kooku nga jàpp de, ay waajuram ñoo gën a soxor ci man ; lekkal. Nag daldi fay jaar. Jasig nettali ko seen mbir ñoom ñaar. Nag daldi ne : « Jasig, bumu la rëcc, lekkal. Lëg daldi jaar, ñu woo ko, nettali ko mbir mi. Lëg ne : « Loolu moom mënma koo gëm. Yow Jasig gu tollu nii, xale bu ndaw bii mën laa yenu ? Lëg ne gone gi defaatal, ma gis.

Gone gi yeewaat Jasig ak buumi caxat ya, yenuwaat ko. Lëg ne ko : « Xanaa xamoo ne, ci say maam ba léegi, Jasig rekk ngeen di wut, moo gën a baax ci yeen. Soo ko yóbbulee sa baay, moo ko gënal fuuf sayu matt ba mu la yónni woon. Yóbbul seen kër ; kii kay ndawal gu baax la. » Mu yenuwaat Jasig yóbbu seen kër. Foofu la léeb jexe ; bakkan bu ko jëkk a foon, tàbbi àjjana.

Leeral ay baat

Jéeri : ci suuf si

Taxan : wuti matt

ñexal : yuuxu fas




Leeral xët mi

Fan la Jasig demoon bay réer ?

Kan moo indiwaat Jasig ci dex gi ?

Naka la xale bi def ?

Lu tax Jasig bēggoon a lekk xale bi ?
Ñan ñoo nekkoon seede yi ?
Lu tax fas wax Jasig mu lekk xale bi ?
Fu Jasig mujj ?
Ndax ànd nga ci àtte Lëg bi ?



Yab séet

Faatu, xale bu am yar la te déggal ay waajuram. Benn bés, mu am njool mu ndaw mu dugg ca néegu yaayam, fekk ko muy mooñ. Faatu tiit ba leket ga toj, sunguf sa ne wesar. Faatu bëmëx xale bu góor ba, ne ko : « Randul, randul, samay waajur su ñu la fekke fii, lan lañuy xalaat ? » Jamono yooya, góor ak jigeen su ñu sëyul, waruñu wéet ci néeg te Faatu ku déggaloon yaayam la.

Bés ba muy sëyi, ba ñu ko sangee, muur ko ba noppi, bala ñu koy gunge ca kër jëkkëram, ay tàntaam yab ko : « Faatu, doom ju jigeen dafa jëggaaniwul, ndeyam mooy royukaayam. Yaa ngi dem. Sa dem gi neexu ñu. Waaye fépp foo jëm, yal na fa yiwu Yàlla jublu. Génnaal, guddi na, oto bi taxaw na. »

Yaayam xool ko, jooy, ne ko : « Faatu, sama doom ji, yal na la Yàlla yiir. Séy laa la yabe. Bu la Yàlla yóbboo, ba nga dem ca kër ga, bul duma gone, bul xas mag. »

Fàttewuñu jëkkëram. Bumu ko dóor te bumu ko saaga. Na ko yërëm te muñal ko. Lingeer lañu ko jox ; bumu ko jëndee jeneen jigeen.

Leeral ay baat

Wesar : tasaaroo

Jëgaaniwul : jëleewul feneen, royeewul feneen

Lingeer : jigeen ju rafet ni rakki buur

Leeral xët mi

Lu tiital Faatu ba njool mu ndaw duggee néeg yaayam ?

Lan la ko Faatu def ?

Lan la ko Faatu wax ?

Lan lañu defal Faatu balaa dem kër jëkkaram ?

Lan la ko ay tàntaam wax ?

Lan lañu sant jëkkëram ?

Lan moo jooyloo yaayu Faatoo ?

Ndax mas ngaa nangu ni juum nga ? Naka la deme ?



Bukki ak Mbaam

Dafa amoon góor gu doon tukki. Mu am ay mbote yu bare ak benn mbaam. Mu yewwi mbote yi, Mbaam dem, tasante ak Bukki. Mu ni ko Mbaam, sama xarit, dooma dimbali ci dég yi, nga yóbbu ma ba sama kër. Mu ne ko mbaa doo lekk mbote jàmbur yi ? Mu ne ko déédéet. Mu ne ko waatal. Bukki ne ko bàrke Yàlla, duma lekk mbotey jàmbur.

Bukki yéeg ci kaw Mbaam ; Mbaam di dem ; Bukki di jàpp ci mbote yi di rey rekk ; bu dee, mu sànni ci gannaawam. Mbaam di dem, di dem ba àgg kër Bukki ; mbote yi jeex. Mbaam jaar weneen yoon, Bukki dellusi, jël mbote yi, yóbbu leen kërám, togg leen, lekk. Mbaam dem seen kër. Ñu ne ko ana mbote yi ? Mu ne « Bukki nax na ma ! » Ñu ne ko waaw ! Leegi dangay dem ker Bukki, suba teel, nga tëdd foofa, mel ni ku dee. Mbaam dem foofa, tëdd ba guddi.

Bukki mu ngi ànd ak Lëg. Lëg ni ko dafa gént ni benn mbaam dee na seen buntu kër. Bukki génn, mu ni ko « Lëgooy! Li nga waxoon dëgg la, mbaam maa ngi nii. » Mu ñew, ne ko Lëg yóbbu ko. Lëg ni ko yóbbu ko yow, yow mi nga xam ne yaa gën a bare doole. Mu ne ko waaw demal indi buum. Mu jël buum bi, yeew ko ci baatam, yeew ko ci baatu mbaam mi. Mbaam jóg, di daw, di diri Bukki ba ca seen kër. Ñu jàpp Bukki, yeew ko, jël ñaari weñ, tàngal leen ba ñu xonq coyy, indi leen, ni ko Bukki yàpp a ngoog, mu nàyyi gémminam rekk, ñu duggal ko ci. Bukki daldi lakk.

Foofu la léeb tàbbee géej ; bakkan bu ka jëkk a foon, tàbbi àjjana.

Leeral ay baat

Mbote : xar mu ndaw

Yewwi : tekki

Yeew : takk

nàyyi : ubbi ba mu sës

Leeral xët mi

Mbaam kan la taseel bi muy dem ?



Lu Mbaam def ci yoon wi ?

Ndax Bukki def na la mu waaxoon ?

Lan la Bukki waroon a def bi ko Mbaam yóbbu ba kërám ?

Lu tax Lëg deful li ko Bukki wax ?

Boo nekkoon palaasu Bukki, nooy def ?



Mbayan ak Bukki

Dafa amoon benn xale bu tudd Mbayan. Moom nag fépp fu mu dégg po rekk, mu ne dina fa dem. Mu toog, di toog, di wër, di fo rekk.

Benn bés nag, mu dégg benn powum jinne. Dëkk bi yépp tëdd nañu. Mu daldi jóg, di fecc, di fecc ba agsi ci ñoom ; mu tëb, dugg ci seen géew. Ba ñu ko gisee rekk, ñu ne melas. Mbayan gisatul kenn. Mu jóge fa, di ñibbi, tase ak Bukki. Bukki ni lii dey du muur, muuraake la, waaye dama lay bàyyi ba ngay bëgg a dugg ci seen kër. Tama yaa ngi naan « te njuur nga ñaaw, te njuur nga ñam, nga ñam ».

Rekk Bukki tëb, fecc, fecc ba ne jaset. Bukki daldi ko ne nég ma fii, ma dem jëli sama paaka te ñëw. Moom àdduwu ko, mu woyati. Bukki dikk di ko wut, gisu ko ; mu dem di ko topp, ba gisaat ko. Mu daldi tëbaat di fecc, di fecc ba ne jaset. Mu newaat Mbayan, yow daal dama la lekk leegi. Maa ngi daw, dem jëli sama kawdiir. Xaar ma fii, fii nag laa wax, bul dem de.

Ba Bukki demee rekk, Mbayan daldi woyaat. Bukki dikkaat, fekku ko fa mu ko wacoon. Mu dem di ko topp, di ko topp ba gis ko. Rekk Bukki daldi tëb, fecc, fecc ba ne jaset, ne ko, walaay, dama la reyagum ; dinaa la bàyyi ba ngay waaj a dugg seen kër. Booba fekk na Mbayan baral na tànki yi. Bukki daldi tëbaat, di fecc rekk ; Mbayan tëb ne laww ci seen biir kër. Bukki nag ne du fa jóge ba bët set. Mu ragal rëbbkat yi séen ko, mu làqu, daw.

Fii la léeb tàbbee géej, bakkan bu ka jëkk a foon, tàbbi àjjana.

Leeral ay baat

Kawdiir : cin

Jaset : ba ni saay, daaneel

Ne laww : tëb ca kow

Leeral xët mi

Fan la Mbayan demoon ?

Lan la fa doon wuti ?

Kan la dajeel ci yoon wi ?

Mbayan, ndax war naa génn guddi ? Lu tax ?

Bukki lu ko teree ray Mbayan ?

Lu tax Bukki ne du ñibbi ?

Bi bët setee, bu fa toogoon, lu koy dal ?



Teggin, Àjjana ak Safara

Teggin, Àjjana ak Safara ànd nañu di tukki. Ñu dem, dem ba njolloor, mu tàng lool, mu naaj lool, ñu mar lool, xiif lool; gisiñu genn garab, gisiñu menn ndox, gisiñu benn dëkk. Ñu séen benn daqaar gu mag. Ñu ni garab gale déy, ak ni mu mel, ak ni mu tooye xipp, yaakaar ñanu ne ku fa dem, dinga gis lu bokk ak doomu Aadama.

Fekk nag toolu genn góor la. Góor ga am na jenn doom ju jigeen ; réew mépp bëgg ko. Góor gi ne du leen ko may, yelloowul ak ñoom ! Ñoom ñett nag dem ca garab ga, fekk góor gi toog ; ñu dikk ba jub ko, ñu ne Safara demal ci góor gale, su amee ndox mu may ñu, ñu naan. Waaye bi Safara dikkee, dafa ne rekk góor gi amuloo ndox, nga may ñu, ñu naan, nuyuwu ko sax. Góor gi ni amuma ndox. Mu ne ko mbànd mi nag ? Mu ne amuma ndox, mbànd mi doo ci naan. Yow sax xamuma lan nga doon bi nga dikkee ba tey, tàngoor waa ngi may bëgg a rey. Te danga ma waroon nuyu ba noppi, soog maa ñaan ndox. Yegsi rekk, ne dareet, ni góor gi may ma ndox te nuyooowuloo jëkk !

Mu daldi dellu ci teggin ak Àjjana, ni leen góor ga bañ na. Ñu ne ko lu tax mu bañ ? Safara ne leen nee na lu tax nuyuwuma ko. Àjjana demal yow. Ajjana gis boppam, nuyuwul góor gi sax, ne ko may ñu ndox, ñu naan. Mu ne ko :

- Duma la may dara !
- Aa ! lu tax doo ma may ?
- Lu tee nga nuyu ma ? Bi nga dikkee ba tey maa ngi bëgg a dee ak sed-daay, xamuma lan nga sax, ak loo ame. Ndeem nuyuwu ma nag, duma la may dara.

Ñu daldi yónni Teggin. Teggin bi mu agsee ci góor gi, dafa ni asalaamaalekum ! Góor gi ni aleykum salaam. Mu daldi geestu, gis ab daba, mu ni ko cas, dem ci ngeer yi woon ci ron daqaar gi, sébb fa, sébb wu réy. Góor gi ni ko :

- Kaay baay, nan nga tudd ?
- Man de Teggin laa tudd.
- Aa, waaw kay doom, yow de amuloo moroom. Gis nga sama doom jii, réew mépp bëgg nañu ko, wànte dama bañ. Yow, may naa la ko. Mbànd mi, demal nga naan ; yow, danga am yar, am teggin.

Fii la léeb tàbbee géej ; bakkan bu ko jëkk a foon, tàbbi Àjjana.

Leeral ay baat

Njolloor : tisbaar j-

Mbànd mi : ndaa lu mag

Sébb : jalu ñax bu ñuy taal

Leeral xët mi

Ci wan waxtu lañu nekkoon ?

Lu tax góor gi tere ndox mi Safara ak Àjjana ?

Lan la Teggin gis ba mu egsee ca góor ga ?

Lan la Teggin, Àjjana ak Safara jëkk a gis ?

Lan la Teggin jëkk a def ba mu egsee ca góor ga ?

Lu tax góor gi nangu may doomam Teggin ?

Lan la doomu Aadama war a am ?

Àjjana, Safara ak Teggin, boo ciy tànn ? Lu tax ?



Nan lañuy togge ceebu jën ?

Ceebu jën, ñu ngi koy togge ceeb, lujum ak ay saf-safal yoo xam ni doomi Senegaal rekk ñoo xam mbóot yi ci nekk. Togg ceebu jën dafa am yoon te du ku nekk moo ko mën.

Booy togg ceebu jën, li ci jëkk mooy dëbb doomu laaj, roof, xorom, poobar (doom walla bu moka), tuuti kaani gu sew. Waas jën wi ba mu set, benn ko, def ci roof bi nga dëbboon. Nga teg sa kawdiir, def ci dëwlin, xaar ba mu tàng, nga def ci soble, xorom, tamaate ak tuuti ndox diiru ñaari simili, nga door cee diigal jën wi, bàyyi ko ci lu tolloo ak juroomi simili.

Nga ñulug lu tollu ci liitaru ndox ak genn-wàll, diigal ci lujum yi nga xolli ba pare, bàyyi ko ci cin li lu tolloo ak waxtu ngir mu ñor. Nga sebati sa ceeb ba mu set, nga tay ko ak inde ba mu suus. Nga dëbb sa nokkos, kaani, poobar, laaj ak soble, daldi koy def ci cin li ndax mu saf. Bu lujum yi ñoree, nga seppi leen ak jën wi, tanqaale tuuti ñeex. Nga daldi nag sóor sa ceeb, ub ko diiru fukki simili ak juroom. Nga yakk sa ceeb bu tàng, teg ci sa jën ak say lujum.

Leeral ay baat

Mbóot : ay feem ak ay pexe

Diigal : dugal ko ci biir cin li

Sebati : raxas sa ceeb ak ndox

Leeral xët mi

Lan mooy jiitu ci toggum ceeb ?

Nu ñuy def jën wi su ñuy togg ceeb ?


Lan la waa Senegaal di aña bés bu nekk ?

Kan moo fi xam nu ñuy togge ceeb ?

Ñaata waxtu la ñuy bàyyi lujum yi ndax ñu ñor ?

Bala ngay sóor ceeb bi, noo koy def ?

Xam nga leneen lu ñuy togge ceeb ?



Picc yi ak Bukki

Benn bés, mu daldi taw taw bu jëkk. Moom Bukki ji toolu dugubam. Tool ba nag, rëy na rëyaay boo xam ne dangay xool rekk ba fu sa bët mën a yem. Mu bay ko, toppatoo ko ni mu ware ba nga xam ne dara desatu ca lu dul góob, ay picc ñëw fa.

Picc yi nag dañoo xiifoon lool. Naka lañu gis tool ba rekk, ak na mu naate, ñu tàmbaley way : « Suñu kër, suñu kër, ay geeni nag ñooy kuddu yi ; ay yeeli nag, ñooy matt mi ; ay tànk nag ñooy wos yiy tëye cin li ; suñu kër, suñu kër. Bukki daldi génni ni picc yi : « Tool bu ndaw bii, su ngeen ko béggee, jëlleen, lekkleen dugub ji yépp ; su ngeen paree, ma ànd ak yeen ». Picc yi songg tool ba, lekk ko ba mu set wecc. Ba ñu paree, picc mu nekk, jël benn dunqam abal ko Bukki. Ñu àndaat naaw, Bukki topp ca. Nuy naaw, naaw lu yàgg a yàgg ba romb géej gu mag. Ci digg géej gi nag, am na garab gu mag gu fa nekkoon. Ñu ne : « Nañu cëppeelu, fanaan fi, mën a noppalu ndax bu fajaree, ñu mën a teel a jóg. Fa ñu dëkk dafa sori lool.

Bés booba, Bukki nelawul daanaka. Naka la tëdd, tàmbalee gént, naan : « Suñu kër, suñu kër... jógleen bët set na ». « Bët setagul, tëddal. » Picc yi tontu ko loolu. Mu tëddaat. Waaye naka mu foraate bët rekk, tàmbaliwaat : « Ay geeni nag ñooy kuddu yi ; ay yeeli nag ñooy matt mi ; ay tànk nag ñooy wos yiy tëye cin li ; ay deri mala yu baree bari... suñu kër, suñu kër. Ba bët setee, mu yeewu, gisul kenn. Picc yi nangu nañu seeni dunq, dem bàyyi ko fa. Bukki jaaxle lool ndax mu ngi ci digg géej gi te mënul féey.

Leeral ay baat

Góob : dagg dugub ji

Wos : ñetti tànk yiy yenu cin

For bët : nelaw

Cëppeelu : tëb wàcc

Leeral xët mi

Kañ la Bukki ji toolam ba ?

Ñan ñoo fa ñëw ?

Bukki naka la def ba mën a naaw ?

Naka la picc yi def ba lekk toolu Bukki ?

Ndax Bukki waroon na leen a bàyyi ak tool bi ? Lu tax ?

Xalaatal Bukki lan la war a def ba mën a génni ci ndox mi ko wër



Ñjariñal bind suñu làkk yi

Ku am tuuti ci seetlu, danga gis ni, làkk wu mu mën a doon, ag màggam mu ngi aju ci mbindam. Su ñu ko bindul, dafay néew doole, di ñàkk solo ba far dee. Fii ci suñu réew, wolof moo fi ëpp doole. Soo xaymaa limu nit ñi dëkke Senegaal, téemeer boo jël, juroom-ñaar-fukk ya dinañu wax wolof.

Boroom xam-xam yu bari wax nañu ni ku bindul sa làkk di ko jëfandikoo, doo am naataange. Waaye nag, ngir loolu mën a am, fàww suñu njiit yi nekk ci nguur gi jàppale ñu ci ; su ko defee, liggeey bi gën a yomb. Te sax am nañu yaakaar bu wér ni ñu ngi ci yooyu tànk. Loolu dina tax ba gone yi nekk ci daara yu ndaw yi gën a gaaw a dugal si seen bopp li ñu leen di jàngal. Waaye, dina tax itam ba ku jàngul nasaraan mën a lijjanti ay soxlaam ci sutura ci làkk wi mu nàmp.

Fi mu tollu, bari na ci doomi réew mi ñu ci gëstu. Ñu mel ni Seex Anta Jóob, Saxiir Caam, Aram Jóob Faal ak Seex Ndaw. Leegi, leer na ñépp ni manees naa jàngale suñu làkk yi li tàmbalee ci daara yu ndaw yi ak yu mag yi ba far sax ca daara ja gën a mag ja muy iniwersite.

Leeral ay baat

Ñàkk solo : ñàkk maanaa, du faj dara

Xaymaa : natt

Gëstu : seet, wut

Leeral xët mi

Lan mooy tax làkk màgg ?

Senegaal wan làkk moo fi ëpp doole ?


Ñan ñoo gëstu ci làkki réew mi ?

Lan la boroom xam-xam yi wax ci ñàkk a bind ak jàng sa làkk ?

Ci téemeer boo jël, ñaata nit ñooy làkk wolof fii ci Senegaal ?

Ndax bind làkki réew mi mën naa naatal dëkk bi ? Naka ?

Fan lañu mën a jàngale sunu làkk yi ?



Ubbite Monjaal 2002

Mbokki telewisyon bu Senegaal ñoo am mbégte di leen jottali xibaar yi. Xam ngeen ne tey jii, Senegaal feet gu réy a ngi fi ; feet goo xam ne boole na ñépp ñi faral Senegaal ndax suñu gayndey fuutbal yi am nañu ndam lu rëy ci kaw ekibu Farās, ci ubbiteg Monjaal 2002 ca Sapon.

Kontante ak mbégte am na ci réew mi ; am na ci ñépp ñi nga xam ne safoo nañu Senegaal. Loolu nag, bi mu amee, mbooloo mu bari dem nañu ndokkeeli ki nga xam ne mooy njiitu réew mi, Abdulaay Wàdd. Waa Farās sēngeem, suñu gaynde yi taxaw ca kaw ! Kon dey xam ngeen ne gaynde ak séq mēnuñoo xeex. Bu ñu songoo, lu mu yàgg-yàgg, gayndeey am ndam. Noonu la mbir mi demee.

Xaley Ndakaaru kenn desul, simili ak saala, buntu pale ba fees dell. Xale yi dem ndokkeeli njiitu réew mi ci ndam li nga xam ne Senegaal am na ko. Mu gén, taxaw ca kow, tàllal yoxo ya, di sargal gaynde yi. Mbooloo mi ànd ak moom ñuy joowu.

Leeral ay baat

Safoo : Senegaal neex na leen

Ndokkeel : delloo njukal.

Sēngeem : jaaxle, jommi

Leeral xët mi

Lu tax Senegaal am mbégte ?

Ñan la gaynde yi daan ci ubbite Monjaal 2002 ?

Waa Farās naka lañu dunde mbir mi ?

Su gaynde ak séq xeexee, kuy am ndam ? Lu tax ?

Gannaaw ndam li, fan la xaley Ndakaaru demoon ?

Kan moo leen teeru ? Lu fa xew ?

Lu rëyal ndamul Senegaal ci Farās ?



Wure

Wure, am po la mu siiw ci Afrig sowu-jant ; waa Gàmbi duppee ko « Coko ». Ci biir po mi nag, ñaari nit ñooy jonante, ku nekk dina am fukki doom ak ñaar te kenn du nuroole ak moroomam melo.

Ngir nga mën a bokk ci po mi, fàww nga am fukki at.

Wareef yi : ndoorte li, gaal gi du am dara ; dinañu def tannéeef ngir xam kuy ubbi po mi. Butàmbalee nag, ku aaye jox sa moroom : dangay jël benn doom, teg ko fu amul dara ; walla nga teg ba noppi, seet feneen foo ko mën a tegaat ci gaal gi ; walla nga gobbi sa doomi naatangoo. Bu la neexee, doo xaar ba doom yépp nekk ci gaal gi, nga door a tàmbalee teg walla gobbi li nga janool. Soo béggee gobbi ay doomam, fàww nga jëli leen, mu jublu ci kanam walla dellu ginnaaw. Yépp a mën a nekk.

Li ñuy bañ mooy ku topp yoon wu dëng. Manees nañoo gobbi ci biir po mi ba ñaari doom ci benn teg. Ku teg sa doom ba noppi, doo delluwaat gannaaw, maanaam fi nga jóge. Liy tax po mi jeex, mooy fàww kenn gobbi ay domi naa-tagoom bamu jeex, walla nga tëj leen ba du mën a teg fenn.

Leeral ay baat

Wure : powum cosaan mu ñaari nit di def ak ay doom

jonante : xëccoo, ku nekk bëgg a jël ndam li

Gobbi : buub

Leeral xët mi

Naka la waa Gàmbi di tudde powu yote ?

Ñaata nit ñoo war a jàkkaarloo ci po moomu ?

Naka la ñuy ubbe yote ?

Ngir nga mën a bokk ci po mi ñaata at nga wara am ?

Jonante bu nekk, ñaata doom nga war a yore ?

Lan moo mën a jeexal po mi ?

Lan la po mi di bañ ?



Ndar, dëkkub aada ak cosaan

Ndar, dëkkub selebe yoon la ; dëkkub aada la ak cosaan. Ndar, dëkk bu yaatu la. Mu ngi nekk ci wetu gééj gi ak dex gi, soriwul itam yay wu Sahara. Ci atum 2015, nit ñi fa daan yeewoo ñu ngi tollooon ci 237 563 doomi aadama. Ndar mooy dëkk bi tubaab yi jëkk a xam bi ñu fi ñëwee. Moo tax ñu tuddee ko seen benn buur bu mag bu ñu doon woowe Luwi.

Ci jamono yooyu nag, dëkk bii di Ndar dafa amoon taxawaay bu am solo ci mbirum dem ak dikk fii ci réewum Senegaal. Mu nekk dëkk bu am koom-koom yu jéggi dayo yuy bàyyikoo ci ndox. Mbay mi tamit, lu am a am solo la ci boobu dëkk. Booy seet sax, lu takku ci li ñuy bay ci ceeb ci biir réew mi foofu lay jóge. Waaye nag, boo seetee ba ca biir, dinga gis ne am na fa ay suuf yu am solo yoo xam ne jëfandikoowuñu ko ni mu ware. Ndar moo jëkk a doon kàppitaalu Afrig sowu jant.

Ci wàllu aada, ñu ngi naan mooy seetu Farās fii ci Afrig. Tey, ràññee nañu ko ci dëkk yi gën a taaru ci Senegaal ndax taax ya fa nekk. Tabax nañu ko tabaxin yu jekk yoo xam ne nii daanaka Tugal rekk lañu koy gis ; yu ci mel ni dëkkuwaayu jëwriñ ja fa toogaloon nguur ga, ponu weñ ba, nataalu Federb ba ñu yatt, ak yeneen yu ni mel.

Ngir xam lépp luy jëmmal cosaanu Ndar te mu boka ci li « UNESCO » boole ci luy màndargaal aada ak cosaan, doxontul ca dëkk ba ak sareet, woto walla sax tànka ba ca dëkkuwaayu nappkat ya, Get Ndar, ca wetu dex ga ak sègam yu yéeme ya.

Leeral ay baat

Selebe yoon : fu ay yoon daje

Koom-koom : njeriñ liy génne ci liggeey

Jéggi dayo : takku, bari lool

Tugal : Farās

Leeral xët mi

Ban dëkk la tubaab yi jëkk a xam ci Senegaal ?

Fan la Ndar nekk ?




Fan la koom-koomu Ndar di jóge lu ci ëpp ?

Ndar fu mu féete ci Senegaal ?

Lu mu nekkoon ci Afrig sowu jant ?

Luy màndargaal cosaan ak aada ca Ndar ?

Ndax Ndar neex na la ? Lu tax ?



Woyi cosaan

Bu jëkkoon, lépp lu masaan a xew te dugal ag coppite, lu mu néew-néew, ci dundug dëkk bi, jigeen ñi, li gën a bari, ak góor ñi leeg-leeg, daanañu feent ay woy ngir xumbale ko bés bi walla guddi gi, ak it di ko ko fàttalikoo. Moo waraloon woy ci njong, ci njam, ci làmb, ci sabar, cig céet, ba ci liggeey ca tool ya.

Su boroom kër masaan a santaane liggeey ngir ñu dimbali ko ca toolam bu mu manul a eggale moom donj balaa yàqu, mag ñépp dañu daan daje ca tool ba, yendu koo liggeeyal, ba tool ba egg mbaa jant so, ñu soog a wàcc. Su ko defee, boroom tool bi jox leen añ bu am maanaa, ak guro. Looloo waraloon jàmbaar yi, ku ne bëgg a won ñi ci des ni moom coono tiitalu ko, du ko tee woy, du ko tee kaf ak di ree. Woyi jàmbaar yooyu ca tool ya, moom lañu daan wax kañu.

Ngoomaar nag lañu ba, te lu amoon solo la. Dafa daan textexaan ngor, nuggal deret, yëngal ug njàmbaar. Ca la aat yi daan woye, di waat ni ñoom duñu daw, bu ñu jàkkaarloo ak ñaamaan ba. Jong jooy defeesatu ko muy dara, ngir ñiy jong leegi lu néew lañuy egg ci fukki at. Bu jëkk, aat yi ay waxambaane yu dëgër lañu daan doon ; ndax ku masaan a génn ab lël, man a dem xare walla nga daldi takk jabar.

Mbaar mi, daara dëgg la daan doon, ju ñuy jàngé doon góor : nooy nekke ak say moroom te doo ñaaw benn yoon, doo génn ci lag yi. Ci lañu daan dindee kumpa njulli bi ci lu wax di tekki, lu yenn gàncax yi di jariñ, wan waxtu lees leen war a dagg, loo leen di jënde, nu ñu leen di jëfandikoo ; jàngal leen am fit, am ag dal, ag ràññee ba mën a xam ñi nga séqal àddina, képp ku ne loo warloo ak moom. Loolu lépp a ngi daan tàmbalee ci ngoomaar li. Sa bokk yépp teew, sag maas, say nawle, say xarit, say soppe, say am-di-jàmm, waaye it say bañ ak say noon. Ñépp bokk solu ba jekk, dënd yi di la jiin, ñi la safoo di la jàjj, ñi la bañ di la yéene gâcce.

Leeral ay baat

Fent : defar woy wu bees

Kañu : tagg sa bopp

Ngoomaar : fecc biy am bala ñuy duggu lël

Leeral xët mi

Su boroom kër manul eggale moom donj toolam, lan la mag ñi daan def ?

Lan la boroom tool bi daan joxe ?

Lu tax ngoomaar amoon solo ?

Ci dundub dëkk bi, jigeen ñi ak góor ñi lan lañu daan def ?
Naka lañuy tudde woyi jambaar yooyu ca tool ba ?
Ndax bu jëkk ñi daan jong dinañu néew ?
Ndax am na woyi cosaan yoo man ? Laal ci tuuti.



Digal njulli

Bi ñu leen jongalee ba noppi, njulli yi yépp dañoo dem bokk benn néeg. Seen néeg bi nag, mu ngi nekkoon ci ginnaaw dëkk-dëkkaan yi. Ñoom ak seeni selbe ñoo fa doon nekk. Bu guddi jotee, dañuy daje ñoom ñépp di woy ak di waxtaan.

Waaye, ci xale yi yépp, Ngaari moo ci gën a dëgër bopp. Benn bés, Mawdo, ab selbe la, беру ak moom, di ko yedd. Mu ni ko : « Ngaari, bu la Yàlla dimbalee ba nga génñ ci sa lël bii, sa maasi mag ñi, bu ñu la yónnee, nanga daw te gaaw, fajal leen seen soxla. Noonu ngay jàngee àdduna ndaxte mag ña daan nañu wax ne xale poto-poto la ; noo ko raaxee rekk lay wéye.

Wànte bu ñu la yónnee sigaret, nanga lànk, ndaxte pón mi baaxul daf lay indil feebar. Bu dee yàmbaa la itam, nanga lànk a lànk ndaxte yàmbaa baaxul daf lay daldi dofloo ak di la xiir ci ñaawtéef. Bu dee dorog nag moom, nanga bañ ba tëdd. Ndaxte ñett yii moo ci gën a gaaw : daf lay alag leegi ba ngay wër di yalwaan ; mbaa nga jël alali jàmbur ; mbaa nga mel ni mbaam-xuux : dootuloo xàmmeeti lu bon ; loo jot daldi koy sex. Nga sonnal saw xeet. Kenn du la bég-gatee mbokkoo. Dinga mujj a gedd kër ga, di wër ba xëy dee nag. Xam nga ni loolu baaxul. »

Leeral ay baat

Poto-poto : ban

Pón : li ñuy tux ci gënñ

Alag : bonal, yàq

Leeral xët mi

Fan la Ngaari nekk ?

Ndax Ngaari dafa war a nangu bépp yónnent ?

Yan yónnent la war a nangu ? Lu tax ?

Yan yónnent la war a bañ ? Lu tax ?

Lu tax pón baaxul ?

Lan la dorog di def ci nit ?

Lan la mag daan wax ci xale buy jàng àdduna ?

Ndax ànd nga ci ?

